

Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON POU PREVNI FROD STAR AK ABI
KÒM PATI NAN BIDJÈ EGZEKITIF 2020 AN**

***Li Rann moun ki ak pwòp Konsesans yo Bay Fo Enfòmasyon Sou Aplikasyon
STAR yo responsab lè l pran yon Anpèchman pou Sizan sou Elijiblite
pou Avantaj STAR***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon pwopozisyon konpreyansif pou bati sou efò Eta a pou kenbe pwogram Soulajman Taks sou Lekòl (School Tax Relief, STAR) la san frod ak abi, ki gen ladan l yon anpèchman pou sizan ki empoze sou sila yo ki ak pwòp konesans yo bay fo enfòmasyon sou yon aplikasyon kredi STAR, lè li anpeche yo resevwa avantaj pandan tan sa a. Dispozisyon yo ta pral etann Program Verifikasyon Revni STAR a (STAR Income Verification Program) epi pèmèt Komisyone Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) lan pou chèche ranbousman nan ka kote yon chèk STAR te voye pa erè bay yon moun premye rezidans li te resevwa yon egzonerasyon STAR pou menm ane a, li ede yo pou reprann avantaj ki bay yon fason ki pa kòrèk.

“Pwogram STAR a bay yon avantaj konsiderab ak mèt pwopriyete yo, epi sila yo ki chèche pwofite nan dezavantaj Nouyòk onèt yo dwe rann kont”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Politik agresif sa a pou konbat frod yon fwa ankò voye yon mesaj klè New York gen zewo tolerans pou nenpòt moun ki triche nan sistèm nan.”

An 2013, Gouvènè Cuomo te mennen refòm nan pwogram STAR a pou fini ak kontribyab delekan yo, ki gen ladan l tou anpeche mèt pwopriyete yo ki te fè yon fo deklarasyon materyèl sou yon aplikasyon egzonerasyon STAR pou yo pa resevwa egzonerasyon pandan sizan. An 2015, Depatman Taksasyon ak Finans Eta lan (State Department of Taxation and Finance) te otorize pou retire benefis STAR nan men mèt pwopriyete ki te resevwa ilegalman avantaj Eta sa yo nan ane pase yo, yon pouvwa avan sa ki te nan men evalyatè lokal yo sèlman.

Pwogram STAR a bay 3.4 milya dola nan soulajman taks sou pwopriyete lekòl. Li gen ladan l avantaj Minimòm STAR yo pou pwopriyete kay avèk revnin anban 500,000 dola, epi avantaj STAR Amelyore pou Senyò avèk revni 86,300 dola oswa mwens.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)